



Pou Piblikasyon Imedya: 1/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVRI POU DEZYÈM FAZ RESTORE NEW YORK LA

Pwogram nan ankouraje revitalizasyon kominote yo nan reyamenaje oswa elimine estrikti ki delabre yo

Lèt entansyon yo dwe remèt jiska 30 novanm; aplikasyon yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon pou dezyèm faz pwogram sibvansyon Restore New York la ouvri kounye a. Pwogram 250 milyon dola a ankouraje devlopman kominotè ak kwasans katye atravè eliminasyon ak reyamenajman estrikti ki delabre yo. Faz finansman sa a mete disponib 150 milyon dola nan sibvansyon pou minisipalite yo pou sipòte pwojè ki konsantre sou demoli, reyabilite ak restore bilding rezidansyèl, komèsyal ak bilding pou itilizasyon miks yo. Pwogram nan, ki administre pa Empire State Development, fèt pou ede gouvènman lokal yo revitalize kominote pa yo epi ankouraje investisman komèsyal yo, amelyore pak lojman lokal la, remete pwopriyete yo sou lis fiskal yo epi ogmante baz fiskal lokal la. Lèt entansyon yo dwe remèt jiska 30 novanm epi aplikasyon yo pou dezyèm faz la disponib [isit la](#).

"Revitalize kominote nou yo kòmanse nan investi nan bilding istorik ki depi lontan fòme kolòn vètebral ak karaktè katye nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman Restore New York la bay lokalite yo resous pou transfòme pwopriyete abandone ak neglije yo pou tounen bilding 21yèm syèk ki modèn. Lè n ede rekonstwi ak ranfòse kominote yo atravè eta a, n ap ankouraje ekonomi lokal yo epi n ap kontinye rekonstwi New York pi byen ak pi solid".

Objektif Restore New York se pou ede atire rezidan yo ak biznis yo nan redevlopman pwopriyete rezidansyèl, komèsyal ak pou itilizasyon miks. Chak pwojè ta dwe aliman ak plan estratejik rejyonal Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la epi pwojè yo ta dwe swa an akò sou plan achitekti ak pwopriyete ki tou pre ak adjasan yo oswa yo an akò avèk revitalizasyon lokal minisipalite a oswa plan devlopman iben an.

Yo ka itilize finansman pou bilding ki vid, abandone, kondane oswa ki gen sipli epi pwopriyete sa yo ka demoli, dekonstwi, reyabilite oswa rekonstwi. Yo pral mete aksan

sou pwojè ki nan kominote ki an detrès ekonomik yo, pwojè ki pwofite lòt fon redevlopman eta oswa federal yo ak fezabilite ak preparasyon pwojè a.

Aplikasyon ki elijib yo enkli konte, vil, ti vil, ak vilaj ki nan Eta New York yo ki baze sou kritè sa yo:

- Vil ki gen plis pase 100,000 moun ka aplike pou jiska 5 milyon dola pou yon pwojè. Sepandan, vil ki gen plis pase yon milyon abitan ak konte ki ladan yo dwe aplike pou pwojè nan yon zòn ki gen difikilte nan vil la.
- Vil ak vilaj ki gen popilasyon ant 40,000 ak 99,999 ka aplike pou yon pwojè jiska 3 milyon dola.
- Tout lòt minisipalite yo ka aplike pou yon pwojè jiska 2 milyon dola

Empire State Development ka bay yon kantite prim espesyal ki limite. Minisipalite ki gen popilasyon 100,000 oswa mwens ak Konte ki gen popilasyon 400,000 oswa mwens ka aplike pou yon lòt 10 milyon dola pou mete nan yon dezyèm pwojè separe OSWA nan yon pati nan yon pwojè ki pi gwo anplis limit finansman ki endike anwo a. Pwojè espesyal yo se kote pwopriyete a lakòz domaj ekonomik grav nan kominote a, ki kite yon pwopriyete oswa anpil pwopriyete trè vizib ak delabre nan distri biznis santral la nan yon kominote ki an detrès sevè oswa modere ki gen yon efè depresif sou potansyèl devlopman ekonomik jeneral kominote a.

ESD dwe resevwa yon fòmilè entansyon pou aplike jiska mèkredi 30 novanm epi aplikasyon yo dwe soumèt jiska 27 janvyè 2023. Pou plis enfòmasyon detaye sou pwogram nan ak egzijans yo, vizite <https://esd.ny.gov/restore-new-york>.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Restore New York bay minisipalite yo sipò yo bezwen pou pote chanjman reyèl nan kominote yo, espesyalman nan sant vil yo. Revitalize ak reyabilite ansyen bilding yo gen yon fason pou revele ansyen cham yon katye ak potansyèl pou lavni, epi gras ak Restore New York, lokalite yo gen yon opòtinite reyèl pou transfòme kominote yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik".

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Estrikti ki delabre yo se yon sikatris sou kominote nou an ak yon drenaj sou resous lokal yo, kidonk chak fwa nou ka revitalize yon pwopriyete epi remete li sou lis fiskal yo, se yon viktwa pou nou tout. Pwogram Restore New York la pral konbat delabreman epi ede kominote nou yo rekipere anba epòk pandemi an, epi mwen ankouraje chak minisipalite pou yo aprann plis epi aplike pou lajan pou ede fè New York avanse".

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Restore NY ap vin byen vit tounen youn nan pi gwo atou nou yo pou gouvènman lokal k ap chèche revitalize kominote yo. Antanke Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen konnen ki jan devlopman kominote a ak kwasans katye a enpòtan anpil pou ranfòse ekonomi lokal nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak Empire State Development pou travay y ap fè nan refòme kominote nou yo pou fanmi nou yo. Se espwa mwen ke ansanm nou pral sèvi ak finansman sa a pou ede kreye yon ekonomi ekitab ak enklizif pou tout Nouyòkè yo".

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Lè yo itilize prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite regionalcouncils.ny.gov ak esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418